



## Kòman pasyan ou yo ka enskri nan plan asirans maladi pa mwayen sistèm mache a

👉 Kreye yon kont NY State of Health epi fè demann ou sou entènèt nan:  
[nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)

📞 Rele NY State of Health nan:  
**1-855-355-5777**  
**TTY: 1-800-662-1220**

👤 Jwenn èd nan men yon konseye enskripsyon ki sètifye.

NY State of Health respekte lwa sou dwa sivil federal ak eta ki aplikab yo, epi nou pa diskrimine sou baz ras, koulè, peyi kote moun soti, kwayans/ reliyion, sekùs, laj, eta sivil/sitiyasyon fanmi, dosye arrestasyon, kondanasyon kriminèl (yo), idantite jennda, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik yo, estati militè, estati viktim vyolans domestik ak/oswa reprezay.

Si usted habla un idioma diferente al inglés, los servicios de asistencia de idioma están disponibles gratis para usted. Llame al 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

如果您使用的語言不是英語，您可以使用我們的免費語言支援服務。請致電 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)。

## FÈY ENFÒMASYON POU PATNÈ YO AK PRESTATÈ SÈVIS YO:

# Kalifikasyon pou benefisyè DACA yo

Gras a nouveau règleman nan New York ak yon chanjman ki fèt nan règ federal yo, benefisyè aksyon difere pou moun ki vin Etazini etan timoun (DACA) yo kalifye kounye a pou Essential Plan lan (kòmanse 1ye out 2024) ak Qualified Health Plan yo (kòmanse 1ye novanm 2024).

Prestatè sèvis yo ak òganizasyon kominotè yo se deseri patnè ki esansyèl nan ede benefisyè DACA yo jwenn asirans maladi ki konplè ak abòdab pa mwayen sistèm mache a, ki gen ladan aksè a kredi sou taks yo ki rann Qualified Health Plan yo vin pi abòdab.

## Kòman ou kapab ede

- Fè anplwaye w yo konnen gen chanjman sa a - sitou sila yo k ap entèraji ak publik la tankou anplwaye ki nan resepsyon yo oswa travayè pwoksimite yo.
- Fè sansibilizasyon pou konekte popilasyon imigran yo ak/oswa popilasyon ki prefere pale yon lang ki diferan de lang anglè.
- Itilize twous enfòmasyon NY State of Health la ki rele [Twous Zouti Kominikasyon pou Ekspansyon Essential Plan lan](#) ak lòt materyèl ki disponib sou sitwèb [NY State of Health](#) la.
  - › Pa egzanp, enprime fèy enfòmasyon yo epi afiche yo nan biwo ou, oswa voye yon mesaj nan imel pou fè kontak ki konsène yo ak patnè kominotè yo konnen chanjman sa a fèt.
- Rasire popilasyon sa ke enfòmasyon yo pataje ak NY State of Health ak konseye enskripsyon li yo ap rete prive. N ap itilize enfòmasyon moun bay konsènan estati imigrasyon yo pou detèmine sèlman si moun lan kalifye pou asirans maladi. Nou p ap itilize l pou okenn lòt rezon ankò.